ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№195 (23.603) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 11, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Москва

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ хэтащ Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и зэІущІэм

**Урысейм Террорым пэщІэтынымкІэ и лъэпкъ комитетым и Іэтащхьэ, ФСБ-м и Унафэщі Бортников А. В. дыгъуасэ Москва щригъэкІуэкІащ НАК-м и зэІущІэ. Абы щытепсэльыхьащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хыхьэ щыналъхьэм терроризмэм земыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къыщыдзэгъэпэщынымрэ ахэр егъэфІэкІуэнымрэ пыщІа Іуэхуэхэм, апхуэдэу Урысей Федерацэм терроризмэм и идеологием щыпэщІэтыным хуэгъэпсэ, 2013 - 2018 гъэхэм ятещІыхьа Комплексно планым хьэкъу зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэм щыхэпльэжьым къыхагъэщащ дин егъэлеям гуп щхьэхуэхэр, псом хуэмыдэу щІалэгъуэлэр, демыгъэшэхьым хуэунэтІа зи чэзу Іуэхуэхэр зэрызэфІагъэкІар. Ящэ ильэс ныкъуэм хуэдищкІэ нэхъыбэ хъуащ терроризм хьэгъэщагъэхэм хэмыхьэну къытрагъэхьаэм я бжыгъэр, хъыбарегъащІэ Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэну террорист, экстремист материалхэу зэбграгъэхри нэхъ мащІэ хъуащ, апхуэдэ мурадхэм къыхуагъэсэбэлъ къыщІагъэщ, зи лэжьыгъэр къыщІапауда Интернет Іэмалхэмэ хуэдитКІэ хэхъуащ.

Зытепсэльыхьа Іуэхуэхэм ящкъ иткІэ зэІущІэм къыщащтащ къэрал властым и органхэмрэ терроризмэм пэщІэтынымкІэ комиссэхэмрэ я лэжьыгъэ адэкІи егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ дяпэкІи зэфІэгъэкІыпхьэхэр къыщыгъэльэгъуа унафэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэм игъэхьэзыраш, НАК-м и хъыбарегъащІэ центрым и тхыгъэхэр къигъэсэбэпри.

● Дыгъуасэ

ХъыбарегъащІэ Іэнатіэм дауэ зиужьа хъуну?

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым деж щыІэ Жылагъуэ советым дыгъуасэ щытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и электроннэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэр зэрылажьэмрэ абыхэм зэрызажьэ щІыкІэмрэ.

ЗэІущІэм кърагъэблэгъат ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщІ **Битокъуэ Владимир**, ЦІыхубэ коммуникацэхэм, хъыбарегъащІэ технологиехэм, связым я Іуэхукіэ кІэлъыплъыныгъэ кьызэзыгъэпэщ федеральнэ Іэнатіэм КЪБР-м щиІэ управленэм и унафэщІ **Бочаров Юрий**, КЪБР-м радиомрэ телевиденэмкІэ и центрым и унафэщІ **Жылау Сафудин**, депутатхэр, Жылагъуэ советым хэтхэр.

Депутатхэм къабгъэдэкІыу, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** ехъуэхъуащ зи махуэшхуэхэр зыгъэлъэпІа Елчэпар Валерий, Мэз Сусаннэ, Иванов Игорь сымэ. КьаІэта Іуэхум теухуауэ кьыщыпсалъэм, Егоровэм къыхигъэщащ республикэм кьыщыхъу-кьыщыщІэхэр щІыхуэхэм я деж нахьэсу лажьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм зегъэужьныр я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэриІытэр.

- ЩІыналъэм и жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ щІытыкІэр зыхуэдэр ди цІыхухэм ящІэным, абыхэм ятеухуа Іуэху еплъыкІэ хэха иІэжьным хуэунэтІауэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм зегъэужьныр я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэриІытэр.

Егоровэ Татьяна. - Телерадио нэтынхэм я зэманыр иКІауэ къэзыпльата языныкъуэхэм нобэ яжеПІэ хъунущ щІыпІэ телевиденэр кьалэн нэхъыбэж зыщІыхуигъэувыжа, бжыгъэр зи тегъэщІапІэ лъэхъэнэщІэм зэрыкуэдыр. Нэхъыщхьэращи, ар йолэжь лъэпкъ щэнхабзэхэмрэ бзэхэмрэ хъумэным къыщыщІэдзауэ, республикэм и щІэкІэпсэукІэр Урысейм, дуней псом хуІущІыу щыщІыным. Республикэм и хъыбарыщІэхэр нэхъ псынщІэу къат, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэм траухуэ нэтынхэр нэхъыбэ зэрыхуэм ущоГфыкІ. Абы щыгъуэми щІыналъэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэр гугъуэхь щхьэхуэхэм иджыри Іуоуэ. Ахэр нэтынхэм хухах сыхьэт бжыгъэр зэраримыкъурщ, а Іэщ Іагъэм теухуауэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ лэжьакІуэхэр кьаззэремэщІэкІырщ, къэрал хъыбарегъащІэ Іэнатіэм и мыпЪку-техникэ базэр иджырейхэмкІэ зэхъуэжьным ильэс куэд щІауэ дызэремыльжьарщ, н. Абыхэм я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, дауи, мы Іуэхум хухах ахъшэр зэрыримыкъурщ.

Егоровэ Татьянэ жиІащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и технологиер егъэфІэкІуэныр, ар спутник телевиденэм пыщІауэ махуэ кьэс лажьэу щІыныр кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэриІытэр.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Кьумахуэ Мухьэдин** кьыщыпсалъэм жиІащ 2017 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъыбарегъащІэхэмкІэ и реестрым электроннэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэу 13 щатхауэ зэрыщытыр. Абы щыщу щыр «КЪБР-м и Медиа» къэрал Іуэхущ Іапі Іэм и нэІэ щІэтщ. Ахэр: «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК (тхьэмахуэм сыхьэт 56-кІэ мэлажьэ), «Къэбэрдей-Балъкъэр» радио (тхьэмахуэм - сыхьэти 168-кІэ), «КБР-инфо» хъыбарегъащІэ агентствэ (тхьэмахуэм и кІуэцІым тхыгъи 150-рэ егъэхьэзыр). Министрым кьыззэрыхигъэщамкІэ, «2009 - 2018 гъэхэм ятещІыхьа, УФ-м телерадиовещанэм зыщегъэужьхьан» федеральнэ программэ хэхам хьэхьэу, мы зэманым бжыгъэ къэзэлъэгъэкІэм и ящэ мупльтиплексыр ягъэхьэзыраш, ар Урысейм и телеканал 20-м хэту кьагъэлъагъуэ.

- КЪБР-м ФинансхэмкІэ и министерствэр ди гъусэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и технологие базэр зэредгъэфІэкІуэну Іуэхуэхэр дубзыхуащ. Ди мурадщ телецентрым и уэхуэнигъэм (Налшык кьалэм, Балъкъэр зэрамым хуэзэу) и ящэ Іыхьэр 2017 гъэм, етІуанэ Іыхьэр - 2018 гъэм и ящэ мазищым зэфІэдгъэкІыну. Иджырей мардэм тет Іэмэпсымэхэр зэгъэпэщыным, абыхэм ІэщІагъэлІэхэр хуегъэджэным псори зэхэту сом мелуан 200-м щІигъу текІуэдзэнущ. Телеканалыр жэщым махуэми лэжьэным хуэдгъэкІуа нэужь, адэкІэ дегупсысынущ. «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р спутник телевиденэм, псалъэм папщІэ, «Триколор ТВ»-м зэрыхэдгъэхьэным, - жиІащ Къумахуэ Мухьэдин.

Министрыр щхьэхуэу кьытеувыІащ республикэм и радиомрэ Интернет ІэмалымкІэ лажьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ. Абы жиІащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащІэ агентствэр «Рамблер Топ 100» рейтингым (677-м щыщу) зэрыхэхуар, апхуэдэуи нэхъыбэрэ щыІэныгъэсэбэпымкІэ абы республикэм ящэ уви Іэ зэрыщІыхьыр.

Егоровэ Татьянэ жиІащ республикэм и хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэр щызэгъэгъахьэжьым упщІэ куэд зэрыщІэр икІи щІэупщІащ а Іуэхум и щытыкІэм. Къумахуэ Мухьэдин жиІащ фІы и лъэныкъуэкІэ зэхъуэжьныгъэхэр абы къызэрыдэкІуар.

ЗэІущІэм я Іуэху еплъыкІэ къыщагъэлъэгъуащ КЪБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм зегъэужьныныр щІыхуэбэ хъыбарегъащІэ ІэнатіэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт **Колесниковэ Татьянэ**.

ЗэІущІэм и кІэм Егоровэ Татьянэ жиІащ КьаІэта Іуэхум адэкІи я нэІэ зэрытрагъэтынур, гугъуэхь щыІэхэр зэхэтэкІыным хабзэубзыку орган нэхъыщхьэр зэрыкІэльыпІьынур. «КъэралыбзыщкІэ лажьэ ди телевиденэр тхъумэн, абы зедгъэужьын зэрыхуейр зэхэкъщ. Абы щІыхуэм я лъэпкъыбзэр щызэхах къудейкъым, атІэ я республикэм, я жылагъуэм къыщекІуэкІ Іуэхуэхэм, гугъуехьхэм ахэр щегъэгъуазэ. Къапщтэмэ, ди гъунэгъу щІыналъэхэм сыхьэт 24-кІэ лажьэ я каналхэр яІэщ, сыщымыуэмэ, мы зэманым ди закъуэщ ар иджыри зыхуэзэфІэмыкІар. ИкъуэкІэ сыхуейт мы Іуэхур ипэкІэ кІуэтэну», - дыщІигъуащ Егоровэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэр «Бжьыхьэ дыщафэ-2017» мыгъэрей выставкэми къыщыхожаныкІ

Жэпуэгъуэм и 8-м Мэкъумэш Іэнатіэмрэ ерыскъыпхъэ промышленностымрэ я лэжьакІуэм и махуэр ягъэлъэпІащ. Абы ирихьэлІэу жэпуэгъуэм и 4 - 7-эм Мэзкуу, ВДНХ-м и хэщІапІэм, «Бжьыхьэ дыщафэ-2017» 19-нэ Урысей агропромышленнэ выставкэр щагъэлъэгъащ.

МЫ гъэм УФ-м и мэкъумэшыщІэхэм я зэхьыхьэшхуэм щІыналъэ 70-м, апхуэдэу нэгъуэщІ къэрал 15-м я предприятэ зэмылІэужьыныгъуэ 1400-рэ зэхуишэат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Іэнатіэу 23-рэ, щІэныгъэ Іуэхущ Іапі Іэу 3 выставкэм хэтащ. Апхуэдэщ бгыльэ, жьэгъущІэс щІыпІэхэм жыг хадэкэр щыгъэкІыныныкІэ Кавказ Ищхьэрэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр, республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъэкъэхутакІуэ институтыр, КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр.

ЦІыху 25-рэ хъу ди лІыкІуэхэм я пашэу щытар КЪБР-м и я ящэ вице-премьер, мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергейщ. Гупым хэту гъэлъэгъуэныгъэм щыІащ республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и кІуэдзэ Шэт Мэчрэпил, экономикэ зыужьныгъэмкІэ министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ, къэрал властым и федеральнэ органхэмрэ Мэзкуу къалэм и Правительствэмрэ яхудиІэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и лІыкІуэ хэха Губин Геннадий, Урысейм и жыггъэкІэм я зэгухьэныгъэм и вице-президент, «Бахъсэн и жыг хадзэр» ООО-м и кІуэзэгъэсэкІуэ Къуэдзэ Зэ Хьэсэн («Прохладнэ» ОАО), Кьудали Мухьэмэд (Налшык хьэлвэ заводщ), Щоджэн Руслан («Агро-Инвест» ООО, Нартхьалэ), Бэшорэ Алим («Велес-Агро», Прохладнэ кьалэ), Балэ Аслъэн («Фрукт-Трейд» ООО, Щэджэм щІыналъэ), Іэбубэчыр Руслан («Отбор» агрофирмэ, Прохладнэ кьалэ), КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор Апажэ Аслъэн, щІэныгъэлІ, Іэщ ІагъэлІ пэрытхэр, агропредприятэ нэхъыфІхэм я менеджерхэр, республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм Іуэхур зи пщэрыль и лэжьакІуэхэр, мэкъумэш Іэнатіэм пыщІа жылагъуэ организацэхэм, щІыналъэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я лІыкІуэхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Урысейм и щІыналъэхэр» Іыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм нэхъ кІулей зэрыхэмытар. Ди лІыкІуэхэм здашат продукцэ зэмылІэужьыгъуэу 200-м щІигъу. Абыхэм ящыщщ пхъэщхьэмыщІхьэ, хадзэкІ консервхэр, мыІэрысэхэр, кхъужьхэр, помидорхэкІхэр, гъэшэкІхэр, кхуейхэр, джэдкъэзылхэр, нэкулъхэкІхэр, хадзэкІхэр, гъавэрэ джэшэкІхэмрэ, нарзанышпсэхэр, псыІэфІхэр, хьэлвэр, щІакхъуэхэкІхэр, Іэфыкіэхэмрэ фадэхэкІхэмрэ.

КьищынэмыщІауэ, гъэлъэгъуэныгъэм хэтхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ АПК-м и щІыналъэ инвестицэ проект инхэм хагъэхъуэщ, мэкъумэш хозяйствэхэм, гъавэ, джэшэкІ жыла-пхъэхэр, лыхэкІхэр, гъэшэкІхэр, нарзаныпсхэр зэращэну-къызэращэхуну щыкІэр щызэпкърахащ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм епльащ Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачёв Александр, абы и яп къуэдзэ Хьэту Жамболэт, УФ-м и МСХ-м и департаментхэм я унафэщІхэр, КПРФ-м, ЛДПР-м я Іэтащхьэхэу Зюганов Геннадий, Жириновский Владимир, Къэрал Думэм и депутат Харитонов Николай, Урысейм и мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм (АККОР) я зэгухьэныгъэм и президент, Къэрал Думэм и депутат Плотников Владимир, БРИКС-м хэт къэралхэу Бразилием, Индием, Ипщэ-Африкэ республикэм, Китаймэ кьыкІуэхэр.

Экспозицэм еплъахэм кьыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и АПК-м и продукцэ лІэужьыгъуэхэм фІагъышхуэ зэрэІэр, нэгъуэщІхэм яІэ щІэныгъэщІхэм яІэ щІыпІэ кІыхь щІэныгъэ-мыщІхьэ Кьудали Мухьэмэдщ), «Велес» компание гупымдыщ медалу 5, дыжьыну - 4, жэз медалу 1 (унафэщІыр Бэшорэ Алимщ), Налшык гъэш комбинатым и продукцэхэм дыщэ медалу 5 (унафэщІыр Якубов Шамсудинщ) и къэхьащ. Псори зэхэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм медаль 38-рэ кьыздащащ. Абыхэм ящыщу 29-р дыщэщ, 7-р дыжьынщ, 2-р жэщ.

«Бжьыхьэ дыщафэ- 2017» гъэлъэгъуэныгъэм зэпеуэмкІэ и жюрим, выставкэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ, КЪБР-м и Правительствэм Гран-при дамыгъэ хэха къыхуигъэфэщащ.

«Бжьыхьэ дыщафэ-2017» Урысей агропромышленнэ выставкэр Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакІуэм и махуэм и щІыхькІэ Сьездхэм я Кремль уардэуэнэм къыщыззрагъэпэща гуфІэгъэ зэІущІэм щызэхэщІыжащ.

ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Борис.

НОБЭ

♦Хъыджэбз цІыкІуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Башкортостан Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ

♦Абхъазым Іэщэкіэ зэщІэуэзда я къарухэм я махуэщ

♦1138 гъэм Алеппэ щыІэр щыхъеящ. Апхуэдизкіэ лъэщу щІыр иутхыщІати, ар цІыхухэм ятІэрГуа къэхъуакъащІэ нэхъ щы-нагъуэ дыдэхэм хабжащ. Абы щыгъуэ цІыху мин 230-м щигъу хэкІуэдауэ щытащ.

♦1653 гъэм Москва ичарэ къыщащтащ Украинэр Урысей пащтыхьыгъэм къыхэгъэхьэным теухуауэ.

♦1783 гъэм Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академиер къызэрагъэпэщащ. Абы и президенту я зэгуэват Дашковэ Екатеринэ.

♦1881 гъэм Америкэм щыщ Хьюстон Дэвид суэрэттехэм иралъхьэ пленкэр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патент иратащ.

♦1887 гъэм Америкэм щыщ къэхутакІуэ Эдисон Томас хэхыныгъэхэм Іуэ щаІэтар къызэрабж, электрокъарукІэ лажьэ аппарат къигупсысащ.

♦1941 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр тхьилъ тедзапІэм къыдигъэкІащ республикэм и усакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр зэрыт «Іэщэр къафщІэ» тхылъыр.

♦1961 гъэм Семипалатинск полигоным и щы щІагъым япэу щагъэунэхуащ абы къыщагъэуа ядерпэ бомбэм и къарур.

♦Нэмыщ щІэныгъэлІ, зыплъыхьакІуэ, бзэ куэд зыщІэу щыта, адыгэхэм я псэукІэм мызэ-мытІэу тетхыхьа **Клапрот Юлиус** къызэралъхурэ ильэс 234-рэ ирокъу.

♦Полицэм и генералмайор, КЪБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Кумыщ Мухьэрбий** и ныбжьыр ильэс 61-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльмэнэхэм я дин Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІу 2004 - 2010 гъэхэм лэжьа **Пщыхьэщ Іэнас** къызэралъхурэ ильэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаеу щыщытынущ, уэзыт тІэкІу къыщІэхьынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Арму и унэ лъэбышэщ.



Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщІэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и ящэ ильэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым ильэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэлъейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Футбол

Псори фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ипщэ гуп. ЕпщкІущанэ джэгуГъуэ «Спартак-Налшык» - «Анжи-2» (Мэхъэчкъалэ) Налшык. Спартак стадион. Жэпуэгъуэм и 11.

Сыхьэт 16-м.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщ-ми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъэкІэ цІыхухэр зэдэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Гум, псэм щыщ Іыхьэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, хабзэ хъуауэ, илъэс къэс егъэлъапІэ ди республикэм и курыт школхэм я егъэджакІуэ нэхъыфІхэр. Егъэджакіуэм и махуэм, жэпуэгъуэм и 5-м, палатэм и пэш нэхъ ин дыдэм щыззхуашэсащ зи зэфІэкІкІэ гъэ еджэгъуэ блэкІам къыхэжаныкІа лэжьакІуэ гуп.

ЕГЪЭДЖАКІУЭХЭМ я махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуну гуфІэгъуэ зэхуэсым зыкъраГъэхьэлІат КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІхэр. ЗэІущІэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Жылагъуэ палатэм и Аппаратым и чэнджэщэгъу Теппеевэ Іэсиат. Къызэхуэсахэм махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуа нэужь, абы псалъэ иритащ Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Берд Хьэзрэталий.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгъэшхуэн куэд иІэщ. Абыхэм ящыщщ ди цІыхубэ егъэджакІуэхэр, «Егъэджэнысгъэ» лъэпкъ проектым щытекІуэу УФ-м, КъБР-м я саугъэт нэхъыщхьэхэр зыхуагъэфэща лэжьакІуэ пэрытхэр, егъэджэныгъэ Іэнатіэм зезыгъэужь, абы щІэ куэд хэзылъхьэрэ езыгъэфакІуэ Іэщіагъэлізкр, курыт школхэм, гъэсапІэхэм я унафэщІ щыпкъэхэр, - къыхигъэщащ абы. - УегъэгуфІэ илъэс къэс ди школхэм егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэр къыззрыкІуэм. Абыхэм егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэм халъхьэ Іуэху зехьэкІэщІэхэр, гупсысэкІэщІэхэр. Школыщ1эхэр, сабий гъэсапІэщІэхэр къызэІуах, Іэнатіэм шэщІауэ щокІуэкІ зэхуэхьІныгъэхэр, къыщагъэсэбэп къэрал стандартыщІэхэр. А псори зэфІэзыхыр егъэджакІуэрщ - зигури зи псэри щІэблэм хуэІуха цІыху щыпкъэрщ.

Абы и псалъэхэр даІыгъуеу гуфІэгъуэ зэхуэсым къыщыпсэлъащ нэгъуэщІхэри.

- Ди щІалынатэм зыІэриГъэхьэ ехъуІэныгъэхэм, шэч хъмэІуэ, фэ, пщІэ зыхуэтщІ егъэджакІуэхэ, фи Іыхьэ хэлъщ. Абы папщІи фІыщІэ ини фхуэфащэщ, - жаІащ абыхэм. - Нобэ дэ тщыщ дэтхэнэми игукІэ и япэ егъэджакІуэм, унэтІакІуэм зыщыхуигъаазэ икІи хъуэхъу псалъэ щыхужиІэ зэманщ, сыту жыпІэмэ дэтхэнэми диІащ гъащІэ гъуэгум дытезыша, щІэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр щыдззыгъэча егъэджакІуэ. Дэ ахэр тщыгъупщакъым. Фэри куэдрэ зигу фиІын еджакІуэфІ мымащІэу Тхьэм къывыт.

Гум къыбГъэдэкІа псалъэхэмкІэ къэпсэльаахэр нэсыфащ пэш иным щІэса дэтхэнэм и псэми. Къызэхуэсахэм апхуэдэу махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуа нэужь, Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэхэу Федченкэ Людмилэрэ Аттаев Жэмалрэ, Іэнатіэм ЕгъэджакІуэмрэ щІэныгъэмкІэ и комиссэм и унафэщІ Зумакулов Асхьэт сымэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къыбГъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьпІэхэр ираташ егъэджакІуэ гъэныгъэм къыхэжаныкІа Іэщіагъэлі гупым. Псори зэхэту яГъэпэжащ егъэджакІуэ 20-м нэс. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Шэджэм ЕтІуанэ я къуажэм дэт курыт школ №92-м физикэр щезыгъэдж Алэкъей Юрий, Тэрч къалэм дэт курыт школ №2-м физкультурэмкІэ и егъэджакІуэ Бэлахъуэ Аслъэн, Налшык дэт курыт школ №95-м математикэр щезыгъэдж Бырсекъуэ Иринэ, Ташлы-Тала къуажэм дэт курыт школым биологиер щезыгъэдж Цакоев Мусэ, Бахъсэн дэт курыт школ №2-м пэщІэдзэ классхэр щезыгъэджэ Бырмамыт Іэсият, Къубэ-Тэбэ къуажэм дэт курыт школ №1-м и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ Къэжэр Мадинэ, Шэджэм къалэм дэт курыт школ №91-м и егъэджакІуэ Мэкъуауэ Еленэ, Тэрч районым Сабий творчествэмкІэ и центрым и унафэщІ Мэшылгл Анзор, Дзэлыкъуэкъуажэм дэт сабий садым и гъэсакІуэ Теубэж Фуэз, Налшык дэт курыт школ №17-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Тхьэщыгуей Аринэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

- Фызыпэрыт Іэнатіэр махуэ къэс вгъэзащІэ къалэн мыхъуу, фи гум, фи псэм щыщ Іыхьэ цІыкІу зыхэфІхьэ лэжьыгъэу зэрыщытыр нэрылъагъущ зыІэрыгъхьэ ехъуІэныгъэхэмкІэ, фи Іуэху зехьэкІэ екІуамкІэ, - жиІащ зэІущІэр щызэхуищІыжым Тепеевэм. - Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым зи цІэр фІыкІэ щыІур щІэблэ гъэса куэд иджыри къыфщІэхъуэну сыныВохъуэху. Фи щхьэри, фи унагъуэхэри узынщэну, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ фиІэну!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъыбар гуапэ

НыбжьыщІэхэм Сочэ кІуэну загъэхьэзыр

«Дыгъафіэ къалэ» Сабий творчествэмкІэ академием щекІуэкІащ республикэм и математик ныбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэ. «Сириус» центрым къыхилъхьа егъэджэныгъэ программэм ипкъ иткІэ, абы пашэ щыхъуа сабийхэр хэтынущ щэкІуэгъуэ мазэм Сочэ къалэм щекІуэкІыну урысейпсо зэпеуэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и курыт школхэм я 7 - 9-нэ классхэм щеджэхэм ящыщу гукъыдэж зиІэ дэтхэнэри хэтащ зэпеуэм и япэ Іыхьэм. Абыхэм лэжьыгъэхэр ягъэзащІэри, Интернетым и Іэмалхэмкіэ центрым ягъэхьыжащ. Къэпщытакіуэхэр хэплъэжа нэужь, зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм хэтыпхъэу къалытащ еджакІуэ 44-рэ. Абыхэм ящыщу 29-р «ДыгъафІэ къалэм» и гъэсэнхэщ, адрейхэр республикэм и нэгъуэщІ курыт школхэм щоджэ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Сириус» егъэджэныгъэ центрыр «Зэчийм» ехъуІэныгъэмрэ» Егъэджэныгъэ фондым Сочи къалэм къыщызэригъэпэщащ 2014 гъэм и дыгъэгъазэм. Фондым и жэрдэмщІакІуэхэм яхэтщ Урысей Федерацэм щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІхэр, егъэджакІуэхэр, щэнхабзэмрэ спортымрэ я лэжьакІуэхэр. «Сириус»-м и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ сабий зэчиифІэхэр гъэбелджылыныбжь абыхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІым адэкІи зегъэужьыныбмрэ.

ЩХЬЭЛЫКЪУЭ Дисэ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Джатэ Руслан и хъуэхъу дахэр

Ди къэралым и дэнэ щІыпІи хуэдэу, тхьэмахуэ кІуам ди республикэм щагъэлъэпІащ Егъэджакіуэм и дунейпсо махуэр. Іэнатіэм и зыужьныгъэм зи зэфІэкІ езыхьэлІэхэр щагъафІэ пшыхьхэр щІыпІэхэм щызэхашащ. Абыхэм ирагъэблагъащ лэжьыгъэм къыхэжаныкІыу ехъулІэныгъэфІхэр зыІэрызыгъэхьаэхэр, школхэм я унафэщІхэр, егъэджэныгъэм и ветеранхэр.

ДЗЭЛЫКЪУЭ щІыналъэм къыщыызэрагъэпэща апхуэдэ пшыхьхэр гукъинэж ящыхъуащ абы кърихьэлІа псоми. ЕгъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр, нэхъыжьыфІхэр зыхэта гуфІэгъуэр щекІуэкІащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм. ЩІэблэм щІэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екІуурэ егъэгъуэтыным зи зэфІэкІи щІэныгъи езыхьэлІэ егъэджакІуэхэм гуапэу ехъуэхъуащ щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Джатэ Руслан**.

- ПщІэ зыхуэсщІ егъэджакІуэхэ! Сигуми си псэми къабГъэдэкІыу сыныВохъуэху фи Іэщіагъэм епха махуэшхуэмкІэ. Узынщагъэ фиІэу, фызыпэрыт лэжьыгъэм ехъулІэныгъэ къыщыфхьу, фи гъэсэнхэм я текІуэныгъэхэм дэрэжэгъуэ къыватУ куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу, - жиІащ Джатэм. - Дзэлыкъуэ щІыналъэм нобэкІэ иІэ ехъулІэныгъэхэм, шэч хэмылъу, фэ фи Іыхьи хэлъщи, абы папщІи фІыщІэ ини фхуэфащэщ. Нобэ дэ тщыщ дэтхэнэми игукІэ и япэ егъэгъуэтыным, шэч хэмылъу, фэ фи Іыхьи хэлъщи, абы папщІи фІыщІэ ини фхуэфащэщ. Нобэ дэ тщыщ дэтхэнэми игукІэ и япэ егъэджакІуэ зи ветеранэ щыІэ Іэнатіэм къэралым хуищІ гулъытэ иным папщІэ фІыщІэ ящІу, зэхуэсым къыщыпсэлъащ Ветеранхэм я щІыпІэ советым и тхьэмадэ Бэрэгъун Арсен, ЯтІэкъуэ къуажэм дэт курыт школым и унафэщІ Хьэшкул Ларисэ, «Еджакіуэ нэхъыфІ-2017» зэпеуэм пашэ щыхъуа Къанкъул Алихъан, нэгъуэщІхэри.

Гуфіэгъуэ пшыхьым и кІэухыу абы щагъэлъэпІащ лэжьыгъэм къыхэжаныкІа лэжьакІуэхэр. Апхуэдэхэщ «УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр зыхуагъэфэщахэу Дзэмыхъ Маринэ, Уэрыш Ларисэ, Шыбзыхъуэ Лизэ, УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм и щІыхь тхьпІэр зрата Бищіо Маринэ, Дзэлыкъуэ районым и администрацэм къыбГъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьпІэхэр зыхуагъэфэщахэу Вэрокъуэ Маритэ, Кумыщ Назирэт, Букинэ Аннэ, КІуэкІуэ Раметэ, Куэт Тамарэ, Къущхьэ Светланэ, Мырзэбэч Мущтафар, Хьэшкул Ларисэ, Бэрокъуэ ФатІимэт, Теккеевэ Афужан сымэ. Гъэнэгъу Шэрэдж щІыналъэм къикІа хьэщІэхэу Бэрбэч Рэмэзанрэ Мокаевэ Лаурэрэ егъэджэныгъэмкІэ я щІыпІэ Іэнатіэм и унафэщІ Ефэнды Терезэ къыбГъэдэкІыу ехъуэхъуащ я лэжьэгъуэхэм икІи Дзэлыкъуэ районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и пашэ КъуэщІысокъуэ Іэсият фІыщІэ тхьпІ ираташ.

Зэхуэсым кърихьэлІа егъэджакІуэхэм ящыщ дэтхэнэми удз гъэгъахэр ираташ Джатэ Руслан къыбГъэдэкІыу.

Пшыхьыр ягъэдэхащ щІыналъэм хьыхь курыт школхэм, сабий садхэм я гъэсэнхэм къызэрагъэпэща нэгъуэщІхэр концертым.

КЪАРДЭН Луцэ.

● Лэскэн щІыналъэ

ЕгъэджакІуэхэр Анзорей щагъэлъапІэ

ЕгъэджакІуэхэм я махуэшхуэр щыхуагъэлъапІэ гуфІэгъуэ зэІущІэ щекІуэкІащ Лэскэн районми. Администрацэм и унэм къыщыззрагъэпэща зэхуэсыр къыззІуихащ щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Афіэунэ Мухьэдин.

- РАЙОН администрацэм и Іэтащхьэ Инжыджокъуэ Сэфарбии адрей щІыналъэ унафэщІхэми я іэкІэ си гуапэу сыныВохъуэхъу Егъэджакіуэм и дунейпсо махуэмкІэ, - жиІащ абы. - ФІыщІэ ин фхуэощІ фи къару фемыблэжу, хьэлэлу фи лэжьыгъэр зэрефхьэкІым папщІэ. Фэ зыкъомкІэ фэльытащ ди къэралыр зыщыгугъ щІэблэр хэкупсэу, жэуапльныгъэр зыхащІэу къэтэджныр. ЕхъулІэныгъэ фиІэу, фыузыншэу, творческэ зыужьныгъэ фиІэу куэдрэ фылэжьэну си гуапэщ.

Махуэшхуэр зейхэм яхуэгъэза псалъэ гуапэхэр зэІущІэм щыжаІащ егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и унафэщІ **Хьэщіэл Жаннэ**, щІыналъэм и курыт школхэм я лэжьакІуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэ **Молэмусэ Хьэсетэ**, нэгъуэщІхэми. Адэкіэ зэхуэсым щагъэлъапІащ районым и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр.

Егъэджакіуэхэм папщІэ къызэрагъэпэща концертым хэтащ курыт школхэм я еджакІуэхэр. Пшыхьыр апхуэдэу яІэтащ КъБР-м и къэрал филармонием и солистКэ Тхьэзэплъ Залинэ, «Ыйнар» творческэ гупым хэт Гузеев ТІэхьир сымэ я уэрэдхэм.

КЪАРДЭН Ритэ.

● Пшыхьхэр

«Адыгэбзэм и гупсэхэр»

Къызыхэкіа лъэпкъым и блэкІам щІэблэр щызыгъэгъуазэхэр, гъуэгу захуэ тезыгъэувэу адыгэпсэу зыгъасэхэр зэхуэщэсыныр, я лэжьыгъэ мытыншым, зы сыхьэткІэ нэхъ мыхъуми, къыпэриШу, заригъэгъэпсэхуныр хабзэ дахэу къыщІэтауэ, Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм илъэситху хъуауэ «Адыгэбзэм и гупсэхэр» жиІэу пшыхьыр ирегъэкІуэкІ. Мыгъэрей зэхьэхьэри дахэу екІуэкІащ.

ЕГЪЭДЖАКІУЭХЭР я лэжьыгъэм тегъэгушхуэн, адыгэбзэм и пщІэр къэІэтын папщІэщ мыпхуэдэ Іуэху дахэр Адыгэбзэ Хасэм хэтхэм щІыззрахьэр.

Пэшым щІэз цІыху зэхуэзышэса зэІущІэм хэтащ адыгэ щІыналъэхэм къикІа егъэджакІуэхэр, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, лъэпкъ Іуэхум телажьэ цІыхухэр, нэгъуэщІхэри.

Пшыхьыр дахэу икІи екІуу ирагъэкІуэкІащ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Муратрэ Налшык къалэм и администрацэм физкультурэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм и Іэщіагъэлі нэхъыщхьэ Мамхэгъ Линэрэ.

Анэдэлъхубзэр егъэджыным, адыгэбзэм и Іэфіагъыр зыхегъэщІэным, ди лъэпкъ литературэм и беягъым щыгъэгъуэзэным зи гуащІэ езыхьэлІэхэм ящыщу Адыгэбзэ Хасэм мы илъэсым фІыщІэ тхьпІэхэмкІэ игъэлъэпІащ: Ислъэмей къуажэм дэт 1-нэ курыт еджапІэм щыщ Мэлэхъуэ Самарэ; Анзорей къуажэм дэт 1-нэ курыт еджапІэм щыщ Къарэ Жанна; Хьэтуей къуажэм дэт Дол Хьэсэнбий и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэм щыщ Гъукіакъуэ Мадинэ; Малкэ къуажэм дэт 1-нэ курыт еджапІэм щыщ ЛъэнкІэпІащэ ФатІимэ; КъШР-м хьыхь Алъэсчыр ей къуажэм щыщ Мамхэгъ Залинэ; Урожайнэ дэт курыт еджапІэм щыщ Хьэгъур Светланэ; ЩІхьэлыкъуэ къуажэ дэт 1-нэ курыт еджапІэм щыщ КІэрэф Аксанэ, Шэджэм къалэ дэт, Дэбагъуэ Барэсбий и цІэр зезыхь 1-нэ курыт еджапІэм и унафэщІ Бекъуэл Маритэ.

Къыхэзэщыпхъэщ мы гъэм Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхь Адыгэбзэ Хасэр къызэрыуэнэхурэ илъэситху зэрыригъкъур. Абы къыхэкІыу, пшыхьым и кІэухым Табыщ Мурат утыку къришащ хасащхьэм хэтхэу Хьэщіыкіу Рае, Шыкъ Гупсэ, Шэрджэс Расьят, Мамыжь Азрэт, Мэмхэгъ Залинэ, Хьэрадырэ Аллэ, Гугъуэтыжь Ахьмэд, Жыгъуэ Иннэ, Бакъ Мадинэ, Къэбардэ Астемыр, Мамрэш Мадинэ сымэ. Абыхэм псалъэ дахэхэмкІэ зыхуагъэзащ пэшым щІэс егъэджакІуэхэм, икІи зыпэрыт Іэнатіэм гукъыдэж хуаІэу иджыри илъэс куэдкІэ псэуну, лэжьэну ехъуэхъуахэщ.

Ипэ ита илъэсхэми хуэдэу, мы гъэми гуфІэгъуэ пшыхьыр ягъэдэхащ ди адыгэ уэрэджыІакІуэхэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Хьэкъул Оксанэ, Дыщэкі Артур, ЦокІыл Азэмэт, Бэч Азэмэт, Пъосэн Тимур, «Бзэрабзэ» уэрэджыІакІуэ гупым, Къэрэшей-Шэрджэсым къикІа уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэ Тхьэгъэпсо Бэлэ сымэ.

Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм хэтхэм Іуэхур къадэзыыигъа псоми фІыщІэ иджыри зэ хуащІыжри, пшыхьыр зэхуащІыжащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Дыгулыбгъу Анетэ Псыкэху егъэгушхуэ

Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къэнэмэт Рустам и жэрдэмкІэ щІыпІэм и егъэджакІуэхэм хуагъэлъэпІащ я Іэщіагъэм епха махуэшхуэр.

- ЕГЪЭДЖАКІУЭР - къэралыр зэрыгушхуэ, абы и псэкупсэ тегъэщІапІэ цІыхуэ, лъэпкъым бгъэдэлъ щэнхабзэмра хабзэмрэ щІэблэм ябгъэдэзыпльхьэщ, - къыхигъэщащ Къэнэмэтым и псалъэм. - Фэ, ди егъэджакІуэхэ, вбгъэдэлъ педагогикэ Іэзагъым, творческэ Іуэху зехьэкІэм, сабийхэм яхувІэ лъагъуныгъэ нэхум я фІыгъэкІэ ныбжьыщІэхэм я гумрэ я псэмрэ къыщоуш цІыхугъэ, пщІэ, нэмыс жыхуэтІэ хьэл-щэнхэр. Ди гуапэу дынывохъуэхъу фи махуэшхуэмкІэ. Гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ фиІэу, фи мурадхэмрэ хьэупсапІэхэмрэ нэрылъагъу хъуэ Тхьэм узынщэу куэдрэ фигъэпсэу, фигъэлажь.

Махуэшхуэ зэхуэсым хэтащ икІи къыщыпсэлъащ Бахъсэн районым щІыпІэ самоуправленэмкІэ и советым и тхьэмадэ Сэбан Руслан, егъэджакІуэхэм я профсоюзым и щІыпІэ зэгухьэныгъэм и пашэ Молэ Хьэсен, нэгъуэщІхэри.

Хабзэ зэрыхъуам тету, районым и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр щагъэлъэпІащ зэхуэсым. УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм къыбГъэдэкІ щІыхь тхьпІыр хуагъэфэщащ Молэ Лерэ. «УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм, егъэджакІуэхэм я республикэ профсоюз зэгухьэныгъэм я щІыхь, фІыщІэ тхьпІэхэр лэжьакІуэфІ куэдым щыхуагъэфэщащ пшыхьым. ГуІуэтэнщэ ящІакъым егъэджэныгъэм и ветеранхэр. Абыхэм ираташ фІыщІэ тхьпІэхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ.

Пшыхьым и цІэр къыщрагъаІуащ икІи гуапэу щехъуэхъуащ «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэм и щІыпІэ Іыхьэм щытекІуа егъэджакІуэм. Ар Псыкіэху жылэм дэт курыт школым инджылызыбзэр щезыгъэдж Дыгулыбгъу Анетэщ.

ТАМБИЙ Линэ.

Анэ лъагъуныгъэм нэхърэ нэхъ гуащІэ щыІэкъым

● Жыщхьэ махуэ

Шэмызокъуэ Мухьэмэд Машэ и къуэм и цІэр зэхэзымыха нэхъыжь Къулькъужьи Ищхьэрэ къуажэм дэбгъуэтэну къыщІэкІынкъым.

ХЭТ УХУЕЙМИ еупщІ, къыбжаІэнур зыщ: «Зи Іэнатіэм хьэлэлу бгъэдэта, лэжьакІуэ емызэшыжу, жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъу щыта цІыхуц». Шэмызокъуэр Хэку зауэшхуэм и гуащІэгъуэ дыдэм псэемыблэжу хэтащ, адэ гумызагъуэ, унагъуэкІэ фІыуэ щытащ. Абы и цІэр сэ япэ дыдэу щызэхэсхар школым сыщыщІэса 60 гъэхэращ. Къуажэм дэт курыт еджапІэ №94-м ныбжьыщІэ щыкІуэхэр пэщІэдзэ дзэ хуэлуэхуэщІэхэм щыхуезгъаджэу сыщылэжьам, Шэмызокъуэм мызэ-мытІэу сыхуэзэну къысхуиухуащ сэ.

ТекІуэныгъэм и махуэр щыдгъэлъапІэ ди зэхьыбэхэм Мухьэмэд дэ зыбжанэрэ къедгъэблагъэуэ щытащ. Шэмызокъуэм щІэблэр зэрыдущиин хъыбар хьэлэмэтхэр къыджиІэжьит, зауэ Іэнатіэм щыпэрыта лъэхъэнэм теухуа и гукъэкІыжкэр къытхуиутэжьыт. Ауэ сэ къыхэзгъэщыну сызыхуейраци, Мухьэмэд, дызыщІэупщІэхэм жэуап къащриткІкІэ, щытхъу зи жагъуэхэм зэрахабзэу, езым и щхьэм кърикІуа гугъуехьхэр игъэбэтэн фІэфІыщІу щытакъым.

Шэмызокъуэ Мухьэмэд 1923 гъэм къалъхуащ. Абы и адэ Машэ гражданэ зауэм жыджэру хэтащ, къыщыхъуа и къуажэм гъукІэ Іэщ1агъэм щрилэжьащ, «зэІусэм псэ хелъхьэ» зыхужаІэм хуэдэу.

Мухьэмэд и хьэлыр гугъуехьхэм япсыхьащ. Зауэм щидза нэужь, ар фронтым кІуэну щІэлъыІуащ икІи 1942 гъэм накъыгъэм и 10-м дзэм ираджащ. МазитІкІэ ягъэхьэзыра ижь, сержант цІэр къыфІащащ. Ипщэ фронтым и 5-нэ армэм и 40-нэ гвардейскэ дивизием и 3-нэ фочауэ полкым хыхьэ взводым и Іэтащхьэу ягъэуващ. Ар зэхэуэ гуащІэхэм хэтащ, лЫгъи къыщигъэлъэгъуащ. 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м Шэмызокъуэр уІэгъэ хьэлэ хьури, 1944 гъэм и мазаер къэсхьу уІэгъэщым щІэлъащ. Сыт хуэдизэ мылъэІуами, Мухьэмэд фронтым яутІипщыжакъым. А илъэс дыдэм ар ныкъуэдыкъуэу къалъытари, и унэ къагъэкІуэжащ - абы и щхьэм фэбжьышхуэ телът.

Зэман дэкІа иужькІэІащ, Шэмызокъуэм зэрихьа ЛЫигъэм папщІэ къыхуагъэфэща Щых ординым и 3-нэ нагъыщэмрэ Хэку зауэ ординым и 2-нэ нагъыщэмрэ къыщыІэрыхьэжауэ щытар. Арщхьэкіэ, къилэжьа медаль зыбжанэр зэрымыщІэкІэ кърамыту къэнащ.

Къызэрысыжу, Шэмызокъуэ Мухьэмэд Кьулькъужьи Ипщэ къуажэм дэт курыт еджапІэ №95-м воениркыу ягъэуваш, пэщІэдзэ дзэ хуэлуэхуэщІэхэм ныбжьыщІэхэр щыхуиГгаасэу. Зэман докІри, ар колхоз унафэщІхэр щагъэхьэзыр Къэбэрдей мэкъумэш школым еджакІуэ ягъакІуэ. Къуажэм къыгъэзэжа иужькІэ, ар колхозым и агроному ягъэув. 1955 гъэм Мухьэмэд къуажэ советым и унафэщІу хахащ.

А зэманым Іэщ гъэхъуныр колхоз лэжьыгъэм и Іэнатіэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу къалъытэрт. Шэмызокъуэм гъэш фермэм и унафэщІ Іэкіуэлъакіуэуи зыкъигъэльэгъуащ. Иужькіэ абы дзыхь къыхуащІащ Іусхэр зэгъэзэхуэным теухуа лэжьыгъэр. Мухьэмэд а Іэнатіэри хъарзынэу ирихьэкІащ.

Шэмызокъуэр зэрылажьакІуэшхуэр къалъытэри, щІыпІэ советым и депутату хахащ, колхозым и парткомымрэ и правленэмрэ хагъэхащ. «Къэмыльэнджэжу зэрылажьэм папщІэ» медалыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхьылъыр, нэгъуэщІ дамыгъэхэри къыхуагъэфэщащ. 1994 гъэм Шэмызокъуэ Мухьэмэд дунейм ехыжащ.

Ленэ и гъащІэ мытыншыр

- АБЫ ЛЪАНДЗРЭ зэман дэкІащ, арщхьэкІэ ар зы сыхьэти сигу ихуакъым, псэум хуэдэу си нэгу щІэтщ, - къыджиІащ Ленэ.

Зыузмысыжынщи, япэщІыкІэ муРаду сиІар зауэм хэтам и щхьэгъусэ Ленэ и закъуэ сытетхыхьыныр. Абы щхьэусыгъуэ иІэт: нанэм и ныбжьыр илъэс 90-м щхьэдэхат. Арщхьэкіэ, зэрыфІьагъущи, Мухьэмэд и деж къыщыщІэздзэн хуей хъуащ.

Ленэ гуауэ куэд игъэващ. Абы и быи 8-м щыщу 3-р щІилъхьэжьи хуей хъуащ: Любэ, МуІэед, Хьэсэн. Щыгъкіэ, анэм и нэхэм нэпсхэр къыщІэкІыжьафырэкъым. Арщхьэкіэ, гъащІэр гъащІэщ. Цыхум и гъэзэгугъэльаГъуэр гугъэрщ икІи бзылъхугъэм махуэ насыпыфІэ куэди ильэгъуащ.

И ныбжьыр хэкІуэта пэтми, Ленэ иджыри гурыхуэщ. Абы зэгъэкІуауэ, Іупщ1у икІи гурыІуэгъуэу къыпхуиІуэтэжьыфынущ. ЕзыР къыщыхъуа Зеикъуэ къуажэм зауэм и пэ ита илъэсхэм къыщыдэлэжьауэ щыта цІыхухэм ятеуха и гукъэкІыжхэр. Ленэ и хъыбархэм къызэрыхэщыжымкІэ, псом нэхъ гугъужу щытар фронтым кІуахэр цІыхубзхэмрэ балигъ мыжьауэхэмрэ зэрахъуэкІын хуей щыхъуа илъэсхэрщ.

- ВыхэмкІэ, жэмхэмкІэ дыващ, гъубжэкІэ щхьэмыжхэр къэтхащ, нэху щыху хьэмыш дыщылажьэрт, гуэдз къэпхэр къетпъэфэкІыу, - игу къеГъэкІыж абы. - Зауэм кІуахэр гугъу зэрехьыр зэрызыхэтщІэм ди къарухэм хигъахъуэрт. Мыдрейуэ, ди бригадир Щауэ Аскэрбийрэ учётчик Бжьыхьэлі Хьэсэнрэ ди лэжьыгъэм ткІийуэ къыкІэлъыплъырт.

Ленэ, дыбгъэдэсыху, япэщІыкІэ къытщыукІэтэрэ псэльэгъуейуэ щытами, хуэм-хуэмурэ къыдэсэжащ. Уеблэмэ, Кьулькъужьи Ищхьэрэм щыщ щІалэм зэрыхуэзэу зэрыдихьэхауэ щытари къытхуиІуэтэжащ. ЗэгъэкІуар къызэрыгуэкІтэкъым: Хэку зауэшхуэм жыджэру хэтат, школым и военрукт, и нэгу зэлъыІухамкІэ удэзыхьэхт. Мухьэмэд хуэдэ щауэхэр хъыджэбз куэдым яхуэзэрыгъэуэтыртэкъым. Пщащэми псэльыхьур игу ирихьат: зэкІужщ, псалъэ лей жиІэнукъым, лэжьакІуэшхуэщ.

Щ1ызэрышэм, Мухьэмэдрэ Ленэрэ пІалъэ жьыжьэм тещІыхьа мурад гуэрхэри зэхуаІакъым. Шэч хэмылъу, сабий къащІэхъуэным хуабжьу щІэхъуэпсырт. Арати, Хьисэ дунейм къытехьа иужь, тІуми къащІыхьуащ. я пэшхэр нэхъ нэху, дахэ хъуауэ. Абы къакІэлъыкІуащ Любэ, Марие, МуІэед, Хьэсэнбий, Мусэ, Хьусен, Хьэсэн сымэ. Апхуэдизи бли пІыныр тынштэкъым, Арщхьэкіэ, Ленэ псоми зыхуигъэныкъуэрт, ахэр зыхуей хуигъэзэн папщІэ.

Зэманыр кІуэрт. Сабийхэр балигъ хъурти, гъащІэ щхьэхуэм хьыхьэрт, дэтхэнэми езым и унагъуэ иухуэрт. Иджы нанэм и къуэрылъху-пхъурылъху ягъныкъуэхэми унагъуэшхуэхэр яІэ хъуащ.

Ныбжьышхуэ къэзыгъэщІа бзылъхугъэм зэрыжиІэмкІэ, ахэр и деж къокІуэ, тыгъэхэр къыхуахь, я деж яшэну къоплъэІу, арщхьэкІэ езыр щыпсэу и унэр зы тхьэмахуэ зэхуаку зэкъуэкІи къыхуэгъэнэнукъым. Ленэ Хьусен и гъусэу мэпсэу. Абы и унагъуэми зиубгъуащ. И щхьэгъусэ ФатІимэрэ абырэ хъыджэбзиплІрэ щІалитІра яІэщ.

- СылІэмэ, зигу сыкъэзыгъэкІыжьи сиІащ, - жеІэ ныбжьышхуэ къэзыгъэщІа бзылъхугъэм. - Ди Тхьэшхуэм соплъэІу ахэр дэр нэхъэ нэхьыфІу куэдрэ псэуну.

Дахэщ икІи кІыхьщ Ленэ къикІуа гъащІэ гъугур. Нэхъыщхьэжьраци, зэрыгушхуэн иІэщ. Ленэ сакъыу ехьумэ къыхуагъэфэщауэ щыта медалыр, «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм фІы дыдэу зэрылажьам папщІэ» фІэщыгъэ зиІэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» бгъэхэІур, «Анагъэ медалым» и етІуанэ нагъыщэр. А псори и щыхьэтщ Ленэ и гъащІэр купщІафІэу, унагъуэшхуэри зэрихьэу, губгъуэ лэжьыгъэхэми щехъпІэу зэрыпсэуам. И бынхэми яльитІэлэсащ езым и гу хуабагъэр. Сигу къокІыж Шэмызокъуэхэ я къуэхэм ящыщ зым, «Налшык къалэм щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхуныкІэ и парк зэгуэт» Іэхъущ1анІэм и унафэщым и къуэдзэ Мусэ и псалъэхэр:

- Дэ тщыщ дэтхэнэми дежкІэ ди анэр нэмысымрэ нэхугъэмрэ я гъуэгур къытхуэзэІузыха гъуэзэщ. Абы нэхърэ нэхъ лъапІэрэ нэхъ гъунэгъурэ диІэкъым. Удэпсэун къудейр насыпщ. Анэ лъагъуныгъэм нэхърэ нэхъ гуащІэ щыІэкъым. Ар ноби дэркІэ дахэщ, Іущщ. А псори кІэщІу къыпхуэІуэтэнукъым. Тхьэшхуэм и ужькІэ, анэращ дэ гъащІэ къыдзэзытар. Зыщідвмигъэгъупщ щІэх-цІэхэуырэ анэхэм едэхэщІэн, фІыуэ зэрытлъагъур зыхедгъэщІэн зэрыхуейр.

А псалъэ гъуэзэджэзмкІэ мы си тхыгъэ кІэщІыр сухяну сыхуейт.

НЫР Іэуес.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1кІэ Зэщ1эуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгугъэныгъэм и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа сепсэлъыпІэну сыхуейти, абыкІэ дызэгурыІуэри, зэдухыпІа пІалъэм дызэІущІащ.

Арщхьэкіэ, ди псалъэмакъыр телефоным и къэзу макъхэм куэдрэ къызэпиудырт. Гу зылъыстаращи, Іуэху мыхьэнэншэ щхьэкІэ абы и деж зыри къэпсэльакъым. Дэтхэнэ зыри унафэ пыухыкІа зыхуэщІын хуей Іуэхут.

- Мустэфа, уэрэ сэрэ дызэрорц1ыку илъэс щэщІым щІигъуауэ, Блэкіа пІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм уэ Профсоюзхэм я курортхэм я Іуэхуэр зезыхьэ республикэ советым граждан зыхъумэжьныгъэмкІэ и Іэщ1агъэлІу улажьэрт. Абы къандэрэ уи теплъэм зихъуэжауи къысхуэщІэркъым. Сыт щыгъуи зыщІыпІэ упІащІэу, зыгуэрым ухунэсыну ухущІэкъуу апхуэдэщ.

- ЦІыхум зы гъащІэщ къритар. ПхуэзфІэкІ къэбгъэнэн хуейкъым, уи къарум къихьыхукІэ.

- Сэ, уеблэмэ, къысщохъу Ветеранхэм я советым блэкІа пІэщІыгъуэм къыщыщІэдзауэ уриунафэщІу Сыщыуэрэ?

- Ущоуэ, ауэ куэд дыдэкІэ ущыуэркъым. Сэ Советым 2004 гъэм и пэщІэдзэм сыхьхьащ дзэм къыхэкІыжахэм ядэлэжьэныкІэ комиссэм и унафэщІу. А зэманым ветеранхэм я къалэ советым и Іэтащхьэт Чеченов Шахан. Ар унафэщІ пльэщ. Илъэс 15-кІэ республикэм егъэджэныгъэмкІэ и министру лэжьат, педагогикэ училищэм и унафэщІуи илъэсиблкІэ щытащ. Ар дунейм ехыжа нэужь сэ абы и пІэкІэ сыхахащ. Илъэс 15-м нэблэгъауэ а къалэныр изохьэкІ. ПІалъэ-пІалъэкІэрэ щІэрыщІэу сыхахьи, апхуэдэу щыщыткІэ, зыгуэркъэр схуэзфІэкІыу къыщІэкІынщ.

- Уи ныбжьыр илъэс 84-рэ ирикъуащ, арщхьэкІэ уэ, зэрыжысІащи, егъэлеяуэ ужьиджэрщ. Зыгуэрым хухунэмысынкІэ ушыхьэ, Щхьэх пщІэркъым. Ар сыт къызыхэкІыр?

- Зэуэ жысІэнщи, къысхалъхьа гъэсэныгъэрщ. Си анэр пасэу дунейм ехыжащ, бынибл дыкъанэри. Сэ сызыпІыжар си адэшхуэ Атмурзаев Хьэжбэчыврщ. Илъэсий фІэкІа сымыхуауэ лэжьэн щІэздзащ. Зыми схудачыхакъым, балигъэм хуэдэу си Іыхьэ сщІащ. Ауэ а илъэсхэр си гъащІэм и Іыхьэ нэхъыфІу щытащ.

- Уэ илъэс куэд хъуауэ Ветеранхэм я советым уриІэтащхьэщ. Узэрыгушхуэн уиІэ?

- Ди анэ ди къалэныр ветеранхэм псэукІэфІ къахуэздгъэпэщыныр щ1ыхьэрт. Цыхуэхэр къытхуэарэзыкъэ, сэри дэрэжагъуэ згъэутыныр. ЗыкъытхуэзэІузыхьэ гъуэзэщ. Абы нэхърэ нэхъ лъапІэрэ нэхъ гъунэгъурэ диІэкъым. Удэпсэун къудейр насыпщ. Анэ лъагъуныгъэм нэхърэ нэхъ гуащІэ щыІэкъым. Ар ноби дэркІэ дахэщ, Іущщ. А псори кІэщІу къыпхуэІуэтэнукъым. Тхьэшхуэм и ужькІэ, анэращ дэ гъащІэ къыдзэзытар. Зыщідвмигъэгъупщ щІэх-цІэхэуырэ анэхэм едэхэщІэн, фІыуэ зэрытлъагъур зыхедгъэщІэн зэрыхуейр.

А псалъэ гъуэзэджэзмкІэ мы си тхыгъэ кІэщІыр сухяну сыхуейт.

ЫР Іэуес.

АБДУЛЛАЕВ Мустэфа:

Ди зэгухьэныгъэр зыпэсщІ щыІэкъым

● Ди псэлъэгъуэхэр

- Иджы нэгъуэщІ щытыкІэ ди нэгу къыщІэдгъэхьэнщ. Уэ удэІэпыкъуну кьолъэІуу зыкъыпхуегъаз ветеранхэм ящыщ зым. Арщхьэкіэ, фи зэгухьэныгъэм и къарур пэлъэщыркъым бюрократхэм «яухуа» блынхэр пхиуду абы фыдэІэпыкъуну. АтІэ апхуэдизу дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цІыхум зыщІэзгъэхъуэн щхьэкІэ сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэм фебэкъуэфыну?

- Дэ дызытетыр «Ди деж я нэпсхэр къыщІэжу къокІуэ, арщхьэкІэ гуфІэу щІокІыж!» къыхуеджэныгъэрщ. Хабзэхэм къагъэувхэр я лъабжьэу закъытхуагъаззэмэ, Іуэхур пхыдогъэкІ. Арщхьэкіэ, апхуэдэу щымытмэ, цІыхум гурыдогъаІуэ щІытхуэзфІэмыкІым и щхьэусыгъуэр.

- Къэралым и ветеран зэгуэныгъэр къаруущхуэу жаІэу зэхэсхащ. Ар къызыхэкІым, зэрыладжьэм и гугъу уэзгъэщІынут.

- Дэ пэщІэдзэ организацэр 112-рэ мэхъу, псори цІыху 29667-рэ хэту. Абыхэм ящыщу 104-р Хэку зауэшхуэм и ветеранщ. 967-р тылым щылэжьащ, мин 12-м щІигъур лэжьыгъэм я ветеранхэр, 900-м нэсым я гуащІэ халъхьащ хабзэхъумэ органхэм, адрейхэр зауэ щекІуэкІ щІыпІэхэм къулыкъу щызыщІэхэрщ, дзэ къулыкъум и ветеранхэрщ, хэкІуэдахэм я щхьэгъусэхэрщ.

Илъэситку къэс зэ отчётхэкъыныгъэ конференц идоГъэкІуэкІ. Зэгуэныгъэм хэт цІыхуи 100 къэс хуэзэу зы делегат къокІуалІэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ ди лэжьыгъэм хэтщ лЫкІуэу 300-м нэблагъэ. Ахэр къалэ администрацэм и унэм и пэшышхуэм щІэхуэ къудейц. ГъэззщІакІуэ комитетым цІыху 35-рэ хэтщи, ахэр илъэсым тІэу зэхуос. Махуэ къэс кІыкъуэкІ Іуэхуэр зэфІэзыгъэкІыр цІыху 15 хъу президиумырщ.

- Ветеранхэм я зэгуэныгъэм хэт псори фи гупсысэкІэкІэ фызэтехуэрэ?

- Зэакъылэгъуэр куэд дохъу. Си лэжьэгъуэхэм ящыщу къыхэзгъэщхьэхукІыну сыхуейщ университетым и пэщІэдзэ зэгуэныгъэм и унафэщІ Шурдым Къэсэн, Кэнжэ щыщ нэхъыжьхэм я тхьэмадэ ЖьэкІэмыхъу Борис, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ республикэ министерствэм щыщ Демьяненкэ Эдуард, ветеранхэм я къалэ спорт клубым и пашэ Уянаев Владимир. Пэжщ, дэ кІуэ пэтми нэхъ мащІэ дохъу: ди ныбжьэгъу нэхъыфІэхэр тхощІ. Уи нэгу къышІэгъэхьэт: 2015 гъэм ТекІуэныгъэ Инир илъэс 70 щрикъур щыдгъэлъапІэм ди сатырхэм щІыху 200-м щІигъу хэтащ, ипЭситІ нэхъ дэмыкІыу ахэр 100-м зэрыщІигъужа щыІэкъым. Абы щыгъуэм щыІа президиумым хэтахэм ящыщу къэнэжар Іыхьэ щ1анэрщ.

- Гугуехь зиІэр зэхэзыщІыкІынур а гугуехьхэм хэтхэрщ жаІэ. Уэ нэхьыжьхэр зыхуейзыхуэфІэхэра нэхъ зи Іуэху зепхуэр, хьэмэрэ псоми уи нэІэ ятебгъэтыфра?

- ЖысІэнкъым сэ псоми хэсщІыкІыу. Арщхьэкіэ, ныкъуэдыкъуэу ущытым хуейкъым абыхэм я Іуэхуэр зепхуэн папщІэ. Дэтхэнэ цІыхури зыхэпщІыкІын, и пІэ уиувэфу ущытын хуейуэ аркъудейц. Мы зэманым сэ сыхэтщ республикэ, къалэ мыхьэнэ зиІэ комиссэ зэмылІэужьыгъуэу 12-м.

- АтІэ зи яужь фихьэ Іуэху псори зэфІэвгъэкІыфра? Сэ къызэрысщыхъумкІэ, ар пхуэзфІэмыкІынщ.

- Іуэхум тэмэму убгъэдыхьэмэ, псори пхуэзфІэхынущ.

- Псом хуэмыдэу фызэрыгушхуэн фиІэ?

- Налшык фэепльхэр щымащІэкъым. 1985 гъэм накъыгъэм и 27-м ди щыхьэрым къратащ Хэку зауэ орденым и ятІэ нагъыщІэр. Партым и къалэ комитетым и унэр Лениным и проспектым щыщаухуэм а фэеплъыр зэхакъуэу щытащ. Иджы ар зэфІагъуэвэжа къудейкъым, атІэ щІыпІэщІэм, уеблэмэ, нэхъ дахэжу щагъэувыжащ. 2010 гъэм Налшык къыфІащащ «Зауэ щІыхьым и къалэ» цІэр. Ветеран Полищук Иванрэ къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Портэ Галинэрэ я фІыгъэкІэ Іуэху псори псынщІэу зэфІагъэкІащ, иджы а стелэм и теплъэм къалэдэсхэм я нэхэр егъэгуфІэ.

- Жылагъуэ лэжьакІуэ, офицер Абдуллаев Мустэфа и дуней тетыкІэр къздгъэлъэгъуауэ къэтлъытэнщ. Ауэ уи унагъуэр сыт хуэдэ? Уэ щІэблэ куэд уиІэу къыщІэкІынщ.

- Си ныбжьыр ящІэну сиІ. Ди ныбжьэгъу куэдым я гупсысэкІэкІэ фызэтехуэрэ?

- Зэакъылэгъуэр куэд дохъу. Си лэжьэгъуэхэм ящыщу къыхэзгъэщхьэхукІыну сыхуейщ университетым и пэщІэдзэ зэгуэныгъэм и унафэщІ Шурдым Къэсэн, Кэнжэ щыщ нэхъыжьхэм я тхьэмадэ ЖьэкІэмыхъу Борис, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Эдуард, ветеранхэм я къалэ спорт клубым и пашэ Уянаев Владимир. Пэжщ, дэ кІуэ пэтми нэхъ мащІэ дохъу: ди ныбжьэгъу нэхъыфІэхэр тхощІ. Уи нэгу къышІэгъэхьэт: 2015 гъэм ТекІуэныгъэ Инир илъэс 70 щрикъур щыдгъэлъапІэм ди сатырхэм щІыху 200-м щІигъу хэтащ, илъэситІ нэхъ дэмыкІыу ахэр 100-м зэрыщІигъужа щыІэкъым. Абы щыгъуэм щыІа президиумым хэтахэм ящыщу къэнэжар Іыхьэ щ1анэрщ.

- Гугуехь зиІэр зэхэзыщІыкІынур а гугуехьхэм хэтхэрщ жаІэ. Уэ нэхьыжьхэр зыхуейзыхуэфІэхэра нэхъ зи Іуэху зепхуэр, хьэмэрэ псоми уи нэІэ ятебгъэтыфра?

- ЖысІэнкъым сэ псоми хэсщІыкІыу. Арщхьэкіэ, ныкъуэдыкъуэу ущытым хуейкъым абыхэм я Іуэхуэр зепхуэн папщІэ. Дэтхэнэ цІыхури зыхэпщІыкІын, и пІэ уиувэфу ущытын хуейуэ аркъудейц. Мы зэманым сэ сыхэтщ республикэ, къалэ мыхьэнэ зиІэ комиссэ зэмылІэужьыгъуэ 12-м.

- АтІэ зи яужь фихьэ Іуэху псори зэфІэвгъэкІыфра? Сэ къызэрысщыхъумкІэ, ар пхуэзфІэмыкІынщ.

- Іуэхум тэмэму убгъэдыхьэмэ, псори пхуэзфІэхынущ.

- Псом хуэмыдэу фызэрыгушхуэн фиІэ?

- Налшык фэепльхэр щымащІэкъым. 1985 гъэм накъыгъэм и 27-м ди щыхьэрым къратащ Хэку зауэ орденым и ятІэ нагъыщІэр. Партым и къалэ комитетым и унэр Лениным и проспектым щыщаухуэм а фэеплъыр зэхакъуэу щытащ. Иджы ар зэфІагъуэвэжа къудейкъым, атІэ щІыпІэщІэм, уеблэмэ, нэхъ дахэжу щагъэувыжащ. 2010 гъэм Налшык къыфІащащ «Зауэ щІыхьым и къалэ» цІэр. Ветеран Полищук Иванрэ къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Портэ Галинэрэ я фІыгъэкІэ Іуэху псори псынщІэу зэфІагъэкІащ, иджы а стелэм и теплъэм къалэдэсхэм я нэхэр егъэгуфІэ.

- Жылагъуэ лэжьакІуэ, офицер Абдуллаев Мустэфа и дуней тетыкІэр къздгъэлъэгъуауэ къэтлъытэнщ. Ауэ уи унагъуэр сыт хуэдэ? Уэ щІэблэ куэд уиІэу къыщІэкІынщ.

- Си ныбжьыр ящІэну сиІ. Ди ныбжьэгъу куэдым я гупсысэкІэкІэ фызэтехуэрэ?

- Зэакъылэгъуэр куэд дохъу. Си лэжьэгъуэхэм ящыщу къыхэзгъэщхьэхукІыну сыхуейщ университетым и пэщІэдзэ зэгуэныгъэм и унафэщІ Шурдым Къэсэн, Кэнжэ щыщ нэхъыжьхэм я тхьэмадэ ЖьэкІэмыхъу Борис, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ республикэ министерствэм щыщ Демьяненк

Урыс театрым лэжьэн щIедзэж

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и 81-нэ лэжьэгъуэр «Си щхьэгъусэр пцIыупсщ» спектаклымкIэ иджыблагъэ къызэIуихащ.

ТЕАТРЫМ зэрыхуэзэшар нэрылъагъуу, пэшым цIыхур щIэзу къекIуэлIат.

- Мы гъэм спектакль гъэщIэгъуэн куэдкIэ цIыхухэм я пащхьэ дихьэнущ. Апхуэдэщ Птушкинэ Надеждэ и «Рождественская история» спектаклыр. Ар ялъэу щыдгъэлъэгъуэнур КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Кулахметовэ Рушани и бенефисым иредгъэхьэлIэнущ. Спектаклым и режиссёрыр Башкортостаным гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Кульбаев Мусалымщ. КьищынэмыщIауэ, мыгувэу фыдгъэгуфIэну ди мурадщ Чехов Антон и тхыгъэхэр лъабжьэ зыхуэхъуэ «Мыщ» (режиссёрыр Теувэж Сультlанщ), «Принцессэ дыдэ» (режиссёрыр Успаевэ Элеонорэщ) спектаклхэмкIэ, - жиIащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым литературэ IыхьэмкIэ и унафэщI Вэрокъуэ ХьэIишэт.

Американ тхакIуэхэу Мэйо Маргаретрэ Эннекен Моррисрэ я «Си щхьэгъусэр пцIыупсщ» гушыIэ спектаклыр зызыгъэпсэхуну, гупсысэ хьэлъэхэм къаIэщIэкIыну хущIэкъуэхэм ягу ирихьынущ. Iуэхур щекIуэкIыр Чикагэщ, ауэ ар ди деж щыпсэу куэдым зыкъыщацIыхужыну теплъэгъуэщ, зытеухуари дызыIущIэ лъэпощхьэпохэм я нэхъыбэм ди зэран зэрыхэлъыхьырщ. Къыхэгъэщыпхъащ, а спектаклир Налшык щыщагъэувым Астрахань дэт драмтеатрым и режиссёр цIэрыIуэ Матвеев Алексей къратегъблагъэуэ зэрыщытар.

ГушыIэ дахэ, щIагъыбзэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин зыхэлъ спектаклым япэ дакъыкъэхэм къыщыщIэдзауэ узэщIеубыдэри, и кIэм нэсыху укъинутIыпщыркъым.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъуэгу захуэм трагъэувэж

Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ Урысейм и федеральнэ Iэнатlэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Мэржэхъу Мухьэмэдрэ КъБР-м и волонтёрхэм я сабийщIалэгъуалэ республикэ организацэм, «Помоги ближнему» жыхуиIэм, и правленэм и унафэщI Сыжажэ Алимрэ зэIущIащ.

БАЛИГЪЫПIЭ имыувахэм хабзэр къыщыщэпауд къэмыгъэхъуным, щIэпхъаджагъэ зэралэжьам къыхэкIыу тралъхьа тезырхэр зыпшынэжахэр апхуэдэ гъуэгу афIэкIа темыхьэжыным ахэр хуэущиныным зэгъусэу зэрелэжьыну щIыкIэр щыубзыхуа зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ а зэIущIэм. А жэрдэмыр сэбэпышхуэ хъунущ суд зытращIыхьауэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм и учётым щыт ныбжьыщIэхэр волонтёр организацэм иригъэкIыжI социальнэ, щэнхабзэ, спорт, егъэджэныгъэ Iуэхуэхэм къыхэщэныжкIэ.

Я мурадхэмрэ къалэнхэмрэ щытепсэлъыхьым, Сыжажэ Алим къыхигъэщащ егупуу зэдэлажьэмэ, хутыкъуа ныбжьыщIэхэм ядэпэкъыну Iэмал зэраIэнур, нэхъыщхьэжыраци - ахэр гъуэгу захуэм зэрытрагъэувэжыфынур, гъащIэ узыншэм зэрыхагъэзэгъэжыфынур.

ЗЭБАР Мадинэ.

Нарткъалэ топджэгухэм я текIуэныгъэ

Фэеплъ

Иджыблагъэ Нарткъалэ и стадионым щекIуэкIащ 2005 - 2006 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм футболымкIэ я зэхьэзэхуэ.

КЪЭГЪЭЗЭЖ Валерэ и фэеплъу илъэс 18 хъуауэ ирагъэкIуэкI мы зэпеуэм хэтащ командэу 8: Налшык и «Спартак» клубым къыбгъэдэкIыу гупитI, Прохладнэ, Май щыналъхэхэм, Нарткъалэ дэт сабий-щIалэгъуалэ спорт школым и къудамэхэу Шэрдж Ищхъэрэ, Джэрмэншык жылагъуэхэм дэтхэм я гъэсэнхэр, Псыкуэдымрэ Псынабэмрэ я командэ зэгуэтыр.

Фэеплъ зэхьэзэхуэм, гъэ къэси хуэдэу, кърихьэлIат зи IуэхущIафэхэмрэ дуней тетыкIэ дахэхэмкIэ куэдым щапхъэ яхуэхъуа Къэгъэзэжым и унагъуэр, и Iыхьлыхэр, и лэжьэгъу щытахэр.

Удихьэхьу екIуэкIа турнирым бжьыпэр щаубыдащ икIи сауГъат нэхъыщхьэр къыщахьащ Нарткъалэ и топджэгухэм, етIуанэри ещанэри Налшык икIахэм яубыдащ.

Зэпеуэхэм къыщыхэжаныкIа спортсмен щхьэхуэхэм саугъэтхэмкIэ я цIэ ирагъуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гулъытэ лей щыхуащI

Ди республикэм и агропромышленнэ комплексым и къалэн пэрытхэм ящыщщ пхъэщхьэмыщхьэ бэв къэзыт жыг хадэхэм къахэгъэхъуэныр.

2017 гъэм дыззэрытехьэрэ мэкъумэш, уней Iуэхущ1ап1эхэм гектар 800-м нэблагъэм жыгыщIэхэр щыхасащ. Псом хуэмыдэу гулъытэ лей ди щIыпIэм щыхуащI хъуащ псынщIэу зызыужь лIэужьыгъуэхэм. Ялэ илъэсым щыщIэдзауэ сыныпкIэ жыгхэм зы гектарым хуэзэу центнер 35 - 40 къытрахащ. Абы и фIыгъэкIэ КъБР-м и АПК-р хамэ къэралыгъуэхэм къраш продукцэм я пIэм иувэфыну Iэмал гъуэзэджэхэр нобэ иIэщ.

Мы илъэсым къриубыдэу апхуэдэ жыгыу хозяйствэ щхьэхуэхэм гектар 600 щыхасащ, абы хэм иджыри къыхагъэхъуэну я мурадщ.

Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мыIэрысэу тонн мини 185-рэ къыщылапчьыжну мэгугъэ. Ар гъэ блэкIам нэхърэ тонн мин 50-кIэ нэхъыбэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Налшык и Къэбэрдей уэрамым Адыгэхэм я махуэр дахэу щагъэлъэпIащ. Абы хэтащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Кърым Иринэрэ экономист Къун Гульнарэрэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и зи чэзуу чемпионатыр и кIэм нобл агъэ. АрщхьэкIэ кIэуэ зэIущIтым ирихьэлIэу упщIэ нэхъыщхьэр къэнащ: хэт дыщэ медалхэр зыIэрыхьэнур?

ИДЖЫРИ къэс зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызэIыигъа «Автозапчасть»-р зыIэщIигъэкIакъым «Тэрчым». Щэбэт къакIуэ Бахъсэн ахэр щызэзэIущIэнуи ирихьэлIэу а тIум я зэхуэхуэм очкоитI дэлъу аращ икIи абы хэт щытекIуэным чемпионыгъэр зэриIэрылъхьэм шэч щIагъуэ хэлъкъым.

Иужьу зэхэта джэгуГуэитIым пашэхэм языхэзыр игъэльэпэрэпакъым. Къапщтэмэ, ущуГугъ хъунут «Автозапчасть»-р Къэхъун къуажэм хуабжьу гугъу щекIыну. АрщхьэкIэ бжьыпэр зыIыгъэм я зэныкъуэкъуныгъэм «Керт»-ри хэIэбакъым. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, бжьыхьэм хуэфэщэн беягъ къэхъундэсхэм къагъэлъагъуэ. ЖьпIэну ирикъунщ иужь зэIущIитIым абыхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъэзэм топипщI зэрыдагъэкIар, езыхэм яйри апхуэдизрэ къыхагъэщIащ.

КъБР-м футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэр зыбгынэ командищри наIуэ хъуащ. Пасэ дыдэу ар зи натIэ хъуа «Бахъсэным» гъусэ хуэхъуащ «Жулдуз»-мрэ «Прохладнэмрэ». Пэжщ, хьэсэнейдзсхэр иджыри «Родник»-м лъэщIыхьэжьфыныщ, ауэ абы щхьэкIэ къэнэжа джэгуГуэитIым ар щытекIуэн, Псынэдахэ и командэр - къыщыхагъэщIэн хуейщ. АрщхьэкIэ фIэщщыIгъуейщ Хьэнцэ Аслъэнбэч и гъэсэнхэм зы очко нэхъ мыхъуми къэнэжа зэIущIэхэм къащыхуэмыхьыну икIи «Жулдуз»-р япэ ирагъэщыжьыну.

БлэкIа джэгуГуэм мыхьэнэшхуэ иIащ Хьэтlохъущыкъуей къуажэм щызэхэтам. Хэгъэрейхэмрэ «Прохладнэмрэ» я зэIущIэм кърикIуэм елъытат гуп нэхъыщхьэр зыбгынэнур хэтми. ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэр иухащ хьэтlохъущыкъуейдэсхэм я текIуэныгъэкIэ. Абы иужькIэ хьэщIэхэм я гугъэ псори хахыжащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым щекIуэкI зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжьгъэхэм. Мис ахэр: *тIощIрэ ебланэ джэгуГуэ* - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Налшык**» (Налшык) - **2:0**, «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **1:2**, *джэгуГуэ* - «**Керт**» - «**Автозапчасть**» - **4:7**, «**Хьэтlохъущыкъуей**» - «**Прохладнэ**» - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **3:3**, «**Союз**» - «**Къундетей**» (Шэджэм) - **4:0**, «**Бедик**» - «**Псыкуэд**» - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:4**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **0:3**, «**Жулдуз**» (Хьэсэней) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **3:2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **2:1**; *тIощIрэ еянэ*

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «**Автозапчасть**»	**28**	25	2	1	130-26	77
2. «**Тэрч**»	**28**	25	0	3	82-19	75
3. «**Союз**»	**28**	18	3	7	99-63	57
4. «Псыгуэнсу»	28	16	4	8	72-51	52
5. «Бедик»	28	16	2	10	61-40	50
6. «Псыкуэд»	28	13	5	10	75-71	44
7. «Керт»	28	11	6	11	76-59	39
8. «ЛогоВАЗ»	28	11	4	13	64-69	37
9. «Къундетей»	28	11	3	14	52-76	36
10. «Налшык»	28	10	5	13	60-57	35
11. «Нарт»	28	10	3	15	60-66	33
12. «ХьэтIохъущыкъуей»	28	9	2	17	45-71	29
13. «Родник»	28	8	4	16	55-89	28
14. «Жулдуз»	**28**	6	4	18	48-94	22
15. «Прохладнэ»	**28**	4	8	16	48-90	20
16. «Бахъсэн»	**28**	3	1	24	34-120	10

Командэ къыхэхам хагъэхьэ

Алыдж-урым бэнэкIэ

Новгород Ищхъэрэ областым хыхьэ Бор къалэм щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ, «Олимп чемпион. спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Парфёнов Анатолий и фэеплъу Урысейм и Кубок» фIэщыгъэр иIэу.

«Красная горка» спорт комплексым и алэрыбгъухэм щызэхуэсащ Урысейм и щIыналъэ 37-м икIа, си ныбжьыр илъэс 16 - 17-м ит спортсмен 400-м нэблагъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам щыщу жэз медалхэр зэхьэзэхуэм къыщахьащ Лукъяев Аслъэн (кг 54-рэ), Темырчы Тамирлан (кг 58-рэ), Щамырзей Къантемыр (кг 69-рэ) сымэ.

Зэхьэзэхуэм къыщагъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэхэм я фIыгъэкIэ ди спортсменищри хагъэхьащ дунейпсо зэпеуэхэм хэтыну Урысейм и командэ къыхэхам.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжьрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъунэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.417 ● Заказ №1280